

SS.7.C.4.3 Klarifikasyon sou Nasyon Fondamantal 3: Elèv yo ap analize sous prensipal dokiman yo ki gen rapò ak ensidan entènasyonal yo pou detèmine liy aksyon ke peyi Etazini te pran.

Sous prensipal dokiman yo se materyèl orijinal. Materyèl original yo ka enkli diskou ofisye eli yo tankou prezidan yo, ofisye yo nomen yo tankou manm kabinè yo, Opinyon Lakou Siprèm peyi Etazini, lwa yo, tribin pati politik yo, postè kanpay, ak lòt dokiman yo.

Anba a se pasaj kout nan sous prensipal dokiman yo sou evènman entènasyonal ki enfluyanse aksyon peyi Etazini te pran.

Ensidan Entènasyonal	Premye Gè Mondyal (1914-1918; peyi Etazini te deklare lagè sou Almay an 1917)
Dat & Sous Prensipal	Prezidan Woodrow Wilson, diskou pou yon sesyon tèt kole nan Kongrè a, 2 Avril 1917.
Pasaj	Mesye yo nan Kongrè a: Mwen rele Kongrè a nan sesyon ekstraòdinè paske gen chwa ki grav, chwa ki grav anpil, nan règleman yo te dwe fè, yo te fè imedyatman, kite ni adwat ni konstitisyonèlman akseptab pou m ta pran responsablite pou fè.
Sinifikasyon Pasaj la	Se Kongrè a sèl ki gen pouvwa pou deklare lagè. Prezidan Wilson ap mande Kongrè a pou deklare lagè kont Almay imedyatman. Prezidan Wilson deklare ke Konstitisyon peyi Etazini an pa ba l pouvwa pou l deklare lagè.

Ensidan Entènasyonal	Dezyèm Gè Mondyal (1939-1945; peyi Etazini te deklare lagè sou Japon ak Almay an 1941)
Dat & Sous Prensipal	Prezidan Franklin Roosevelt, diskou pou yon sesyon tèt kole nan Kongrè a, 8 Desanm 1941.
Pasaj	Yè, 7 Desanm 1941 - yon dat avilisman – Bato ak avyon de gè Anpi Japon te sibatman e delibereman atake Etazini Damerik. ...Mwen mande pou Kongrè a, ke akoz atak lach ak san pwovokasyon Japon an depi dimanch 7 desanm 1941, pou deklare lagè ant peyi Etazini ak Anpi Japonè yo
Sinifikasyon Pasaj la	Se Kongrè a sèl ki gen pouvwa pou deklare lagè. Prezidan Roosevelt ap mande Kongrè a pou deklare lagè kont Japon, akoz atak Japon an sou baz militè peyi Etazini nan Pearl Harbor, Hawaii. Hawaii te yon teritwa pou peyi Etazini nan moman atak la.

Ensidan Entènansyonal	Lagè Koreyen (1950-1953)
Dat & Sous Prensipal	Prezidan Harry Truman, "Deklarasyon Prezidan an sou sityasyon an nan Kore", 27 jen 1950
Pasaj	Nan Kore, lame Kore di Nò a te atake ak anvayi... lame gouvènman an... Mwen te òdone lame gouvènman peyi Etazini lè a, pou kouvri ak sipòte solda Koreyen yo.
Sinifikasyon Pasaj la	Kore di Nò te anvayi Kore di sid (ki rele "Kore" nan pasaj sa a). Gouvènman peyi Etazini an te sipòte Kore di sid paske li te yon peyi demokratik, men li te opoze Kore di Nò paske li te yon peyi kominis . Prezidan Harry Truman, wòl Kòmandan an Chèf li, sete òdone militè peyi Etazini pou yo ale nan Kore di sid nan efò pou reziste Kore di Nò kont plis envazyon.

Ensidan Entènansyonal	Lagè Vyetnam (1956-1975)
Dat & Sous Prensipal	Kongrè peyi Etazini te adopte Rezolisyon tèt ansanm, 10 Out 1964, "Tonkin Gulf Resolution"
Pasaj	Pou ankouraje antretyen lapè ak sekirite entènasyonal nan sidès Lazi. Lè nou konsidere ke inite baz naval rejim kominis nan Vyetnam, te an vyolasyon prensip Konstitisyon Nasyon Zini ak lalwa entènasyonal, te fè espere ak atake plizyè fwa bato naval peyi Etazini kite prezan legalman nan dlo entènasyonal, kidonk te kreye yon menas grav pou lapè entènasyonal ... <i>Chanm Sena a ak Chanm Depite nan peyi Etazini Damerik nan asanble Kongrè a te rezoud, ke Kongrè a apwouve ak sipòte detèminasyon Prezidan an, kòm Kòmandan an Chèf, pou pran tout mezi nesese pou repouse nenpòt atak zam kont lame peyi Etazini ak pou anpeche plis agresyon.</i>
Sinifikasyon Pasaj la	Bato maren Nò Vyetnam te atake bato maren peyi Etazini. Kongrè a te deklare ke li sipòte Prezidan Lyndon Johnson kòm Kòmandan an Chèf pou defann militè peyi Etazini nan dlo entènasyonal tou pre Sid Vyetnam ak pou anpeche atak nan lavni.

Dezyèm Gè Mondyal la - yon lagè ki te kòmanse an 1937 nan Lazi, an 1939 an Ewòp, ak an 1941 nan peyi Etazini; li te dire jouk 1945 epi pi fò nan peyi nan mond lan te patisipe

Kòmandan an Chèf - wòl prezidan an pou dirije fòs militè

kominis - yon fòm gouvènman kote desizyon yon sèl pati posede e kontwole ekonomi an tout antye, e ke pa gen okenn pwopriyete prive

Lagè Koreyen - yon lagè ant Kore di Nò ak Kore di Sid; peyi Etazini ak lòt peyi te ede Kore di Sid; goumen an te fèt de 1950-1953

Lagè Vyetnam - yon konfli militè (1954-1975) ant fòs Kominis yo ak Nò Vyetnam (Lachin ak Inyon Sovyetik te sipòte sa) epi (peyi Etazini te sipòte) pati kominis Sid Vyetnam lan

Premye Gè Mondyal - yon lagè san rete ant Pouvwa Alye yo (enkli Larisi, Frans, Anpi Britanik, Itali, Etazini, Japon, Woumani, Sèbi, Bèljik, Lagrès, Pòtigal, Montenegwo), ak Pouvwa Central yo (enkli Almay, Otrich-Ongri, Latiki, Bilgari); ki te dire de 1914 iiska 1918